

BAB I

BUBUKA

A. Kasang Tukang Masalah

Dongéng sok disebut ogé carita rayat (*folktale*) atawa carita balaréa. Pangna dongéng disebut karya balaréa lantaran tara kanyahoan saha anu ngarangna tur sumebarna sacara lisan. Rusyana, spk. (1978) nétélakeun yén carita rayat téh hasil karya sastra buhun winangun lisan sumebarna sacara turun-tumurun di masarakat. Ku lantaran kitu, dongéng bisa disebut carita rayat atawa carita lisan. Hartina dongéng didongéngkeun deui. Nya munasabah upama aya hiji dongéng mibanda rupa-rupa vérsina.

Dongéng nya éta carita rékaan anu méré unsur pamohalan tur ukuranana parondok. Mémang aya ogé dongéng anu unsur pamohalanana téh henteu karasa, nya éta dongéng-dongéng anu nyaritakeun kahirupan sapopoé saperti dongéng-dongéng Si Kabayan.

Kesan pamohalan dina dongéng upamana baé aya sasatoan bisa nyarita kawas jelema (saperti dongéng “Sakadang Kuya jeung Sakadang Monyét”), aya parahu jadi gunung (“Sasakala Gunung Tangkubanparahu”), jelema jadi Maung (“Sasakala Maung Panjalu”).

Eusi dongéng téh umumna ngandung atikan moral, upamana baé jalma bener tangtu meunang pahala, jalma salah tangtu meunang siksaan atawa cilaka; supaya maksudna tinekanan kudu ngagunakeun akal; atawa kudu hirup sauyunan ambéh répéh-rapéh.

Palaku dina dongéng mah bisa saha baé, bisa sasatoan, tatangkalan, manusa, gunung, jin siluman silemin, jsb. Aya kalana latar tempat jeung waktuna ogé ngandung unsur pamohalan deuih, anakronismeu, atawa henteu luyu jeung kanyataan sajarah. Eta katémbong dina dongéng-dongéng babad. Upamana baé nepungkeun dua tokoh anu béda jaman jeung tempat dina mangsa anu sarua, saperti tepungna Bagenda Ali jeung Kian Santang.

Dumasar kana eusina, dongéng téh bisa dipasing-pasing jadi sababaraha golongan, nya éta (1) dongéng sasatoan; (2) dongéng sasakala; (3) dongéng babad; (4) dongéng jelema biasa; (5) dongéng paranabi/wali; (6) dongéng pieunteungeun; jeung (7) dongéng pamuk.

Kiwari dongéng mangrupa karya sastra anu kudu dimumulé, sabab mungkin dieu mungkin saeutik jalma anu apal kana dongéng.

Aya sababaraha cara pikeun ngamumulé karya sastra, diantarana ku cara macaan, maké, sarta ngalarapkeun kana kahirupan sapopoé. Lian ti éta, guru basa jeung sastra Sunda bisa nepikeun dongéng dina pangajaran sastra di sakola, minangka hiji tarékah dina ngawanohkeun karya sastra ka para siswa. Ku ayana pangajaran sastra di sakola dipiharep siswa bakal leuwih ngarti tur ngahargaan kana karya sastra. Lian ti éta, daya pikir jeung seukeutna rasa para siswa bisa diasah ku kagiatan aprésiasi.

Stratégi nepikeun matéri mangrupa salah sahiji fokus utama dina prosés pangajaran, sabab prosés ieu bisa dirancang ti saméméhna, ngeunaan sarana, matéri, média, alokasi waktu, sumber diajar, rohang, jeung évaluasina. Méthode diajar di sakola masih loba anu maké méthode ngajar sacara informatif, nya éta

guru nyarita siswa ngadéngékeun jeung nyatet. Ku kituna, panalungtik kairut pikeun ngabuktikeun sacara émpiris kaéfektifan sistem nepikeun matéri, ngaliwatan kuasi ékspérimen maké modél induktif Hilda Taba.

Fase modél induktif Hilda Taba dijejeran ku guru dina wangun patalékan. Ieu modél ngajarkeun ka siswa cara-cara néangan jeung ngorganisasikeun data sarta ngalatih siswa sangkan parigel dina nyokot kacindekan tina unggal kagiatan anu geus dilakukeun. Ku kituna, modél pangajaran ieu bisa ngaronjatkeun sumanget diajar siswa luyu jeung taraf kamekaranana.

Masalah nu kapanggih di lapangan ngeunaan pangajaran ngaregepkeun dongéng nya éta kurangna minat siswa pikeun diajar sabab pangajaran ngaregepkeun dongéng dianggap hésé, balukarna hasil diajar siswa kurang nyugemakeun.

Nilik kana kanyataan éta, perlu diayakeun tarékah pikeun memener pembelajaran, boh tina kamampuh guru, boh stratégi nepikeun materina. Dina prosés diajar ngajar sacara gembleng guru kudu mampuh milih wangun interaksi diajar anu bener, luyu jeung tujuan pangajaran, di antarana ku cara pangajaran induktif.

Pangajaran ngaregepkeun dongéng aya nu geus nalungtik saméméhna, di antarana ngeunaan kamampuh ngaregepkeun dongéng parabel siswa kelas II SLTP Negeri 3 Lembang, ku Euis Nurlaéla, jeung kamampuh siswa ngaregepkeun dongéng ngagunakeun média audio di kelas VII SMPN 12 Bandung, ku Ivan Sufaran Permadi. Hasil panalungtikanna duanana ge éféktif pikeun pangajaran

ngaregepkeun dongéng. Ngan can aya nu nalungtik kamampuh ngaregepkeun dongéng maké modél induktif Hilda Taba mah.

Dumasar kana masalah-masalah di luhur, panalungtikan anu dijudulan “Modél Induktif Hilda Taba dina Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII SMK Tekhnik Informasi dan Komunikasi Yadika Cicaléngka Kab. Bandung Taun Ajaran 2011-2012)”, perlu dilakukeun.

B. Watesan jeung Rumusan Masalah

1. Watesan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan perlu diwatesanan sangkan leuwih museur. Ieu panalungtikan leuwih museur kana pangajaran ngaregepkeun dongéng, ngawengku unsur-unsur intrinsik (téma, tokoh, watek, latar, galur, jeung amanat) jeung modél induktif Hilda Taba anu léngkah-léngkahna, nya éta: (1) pembentukan konsép, (2) interprétasi data, jeung (3) aplikasi prinsip.

2. Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Tekhnik Informasi dan Komunikasi Yadika Cicaléngka Kab. Bandung taun ajaran 2011-2012 saméméh maké modél induktif Hilda Taba?

- b. Kumaha kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Teknik Informasi dan Komunikasi Yadika Cicaléngka Kab. Bandung taun ajaran 2011-2012 sanggeus maké modél induktif Hilda Taba?
- c. Naha modél induktif Hilda Taba bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Teknik Informasi dan Komunikasi Yadika Cicaléngka Kab. Bandung taun ajaran 2011-2012?
- d. Naha aya bédana anu signifikan kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Teknik Informasi dan Komunikasi Yadika Cicaléngka Kab. Bandung taun ajaran 2011-2012 saméméh jeung sanggeus maké modél induktif Hilda Taba?

C. Tujuan Panalungtikan

1. Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji atawa ngukur modél induktif Hilda Taba dina ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Teknik Informasi dan Komunikasi Yadika Cicaléngka Kab. Bandung taun ajaran 2011-2012.

2. Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa SMK kelas XII saméméh maké modél induktif Hilda Taba;

- b. kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa SMK kelas XII sanggeus maké modél induktif Hilda Taba;
- c. ningkat atawa henteuna kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa SMK kelas XII sanggeus maké modél induktif Hilda Taba; jeung
- d. bédana kamampuh ngaregepkeun dongéng saméméh jeung sanggeus maké modél induktif Hilda Taba.

D. Mangpaat Panalungtikan

1. Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré sumbangsih pikeun élmu pangaweruh utamana dina kamekaran modél pangajaran basa Sunda, hususna pikeun pangajaran ngaregepkeun dongéng siswa SMK kelas XII.

2. Mangpaat Praktis

Sacara praktisna, ieu panalungtikan téh bisa mangpaat pikeun guru, sarta pikeun peserta didik.

a. Pikeun guru

Mangpaat anu bisa dihontal pikeun guru nya éta pikeun ngabeungharan pembendaharaan modél pangajaran, sarta bisa jadi salah sahiji alternatif modél pangajaran anu bisa dipaké di kelas.

b. Pikeun peserta didik

Pikeun peserta didik ieu panalungtikan téh bisa jadi modél atawa cara diajar anu ngirut ati sangkan peserta didik kamotivasi pikeun terus diajar ngaregepkeun dongéng dina pangajaran basa Sunda.

c. Pikeun panalungtik

Pikeun panalungtik ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sawangan keur ka hareupna nalika ngajar ka siswa.

E. Wangenan Operasional

1. Modél Induktif Hilda Taba

Modél induktif Hilda Taba nya éta modél ngajar nu dimimitian ku nepikeun patalékan-patalékan nu miboga ambahan has jeung kawatesanan dina nyusun arguméntasi jeung dipungkas ku patalékan nu sipatna umum.

Prosés diajar anu maké modél induktif Hilda Taba saperti ieu di handap.

Pembentukan Konsép

- a. Fase ngabédakeun
- b. Fase ngelompokkeun
- c. Fase méré ngaran

Interprétasi Data

- a. Fase ngaidéntifikasi
- b. Fase mikawanoh hubungan
- c. Fase nyindekkeun

Aplikasi Konsép

- a. Fase mrédiksi
- b. Fase ngajelaskeun

2. Kamampuh Ngaregepkeun Dongéng

Kamampuh ngaregepkeun dongéng nya éta prosés nyangkem eusi dongéng pikeun mikanyaho unsur-unsur intrinsikna (téma, tokoh, watek, latar, galur, jeung amanat) ngaliwatan kaparigelan-kaparigelan ngaregepkeun, nya éta: (a) kamampuh museurkeun panitén, (b) kamampuh nangkep sora basa, (c) kamampuh linguistik jeung non-linguistik, (d) kamampuh méré ajén, (e) kamampuh ngaréspon, jeung (f) kamampuh nginget-ninget.

F. Anggapan Dasar jeung Hipotésis

1. Anggapan Dasar

Anggapan dasar dina panalungtikan saperti ieu di handap.

- a. Modél induktif Hilda Taba mangrupa modél pangajaran anu bisa ngaronjatkeun sumanget diajar siswa luyu jeung taraf kamekaranana.
- b. Ngaregepkeun dongéng mangrupa salah sahiji pangajaran anu ditepikeun di SMK anu aya dina standar kompetensi ngaregepkeun (KTSP).
- c. Ngaregepkeun mangrupa salah sahiji aspék tina opat kaparigelan basa.
- d. Kaparigelan ngaregepkeun penting dicangkem ku siswa.

2. Hipotésis

Hipotésis dina ieu panalungtikan nya éta:

Ha: Aya bédana anu signifikan kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Teknik Informasi dan Komunikasi Yadika Cicaléngka Kab. Bandung taun ajaran 2011-2012 antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél induktif Hilda Taba

